

SANTE PIBLIK ENFÒMASYON

Flou H1N1 (Grip pòsin)

MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF PUBLIC HEALTH

Kisa H1N1 ye ?

Flou se yon maladi nan sistèm respirasyon kò a, tankou nan nen, nan gòj epi nan poumon. Se yon nouvo viris, ke n rekonèt pou premyefwa nan mwa avril 2009, ki bay flou H1N1, e yo te rele l « grip pòsin ». Flou H1N1 a pwopaje vit plizyè kote sou latè e kounye la li yon « pandemik », oubyen yon pwoblèm mondyal. Flou H1N1 pa menm ak grip pòsin, ki limenm yon viris kochon ka genyen. Li pa menm ak flou « sezon » ki parèt chak lane, nan sezon ivè epi nan kòmansman sezon prentan. Men flou H1N1 a bay senptom ki egal ak senptom flou sezon an, li pwopaje tankou flou sezon, e l ka anpeche menm jan ak flou sezon.

Ki senptom flou H1N1 bay ?

Prèske pa gen okenn diferans ant senptom flou H1N1 yo ak senptom flou sezon. Senptom moun pi plis genyen se fyèv, tous ak malgòj. Lòt senptom ka kò fè mal, maltèt, frison, nen k ap koule epi gwo fatig. Pifò moun gen dyare ak vomi tou. Senptom ka la pandan plizyè jou pou jis yon semèn ou plis.

Èske flou H1N1 grav ?

Wi, flou H1N1 ka grav anpil. Nan Etazini, plizyè milye moun te entèn lopital epi plizyè santèn moun mouri ant mwa avril ak out 2009. Tankou flou sezon, gen kèk moun ki gen plis chans pou yo gen gwo pwoblèm medikal lè yo trape flou H1N1 an. Moun sa yo ka fi ansent, tibebe ak moun ki gen kèk soufrans tankou opresyon, sik, maladi kè, maladi ren, pwoblèm nan misk oubyen nan nè ki anpeche yo respire byen epi ki febli sistèm iminitè yo.

Ki jan flou H1N1 pwopaje ?

Viris flou a nan ti gout likid (tankou ti gout krache ak flèm) ki soti nan nen epi nan bouch moun ki touse oubyen estènye. Si w pre yon moun ki gen flou (ant 3 ak 6 pye) lè yo touse oubyen estènye, epi lè w respire ou ka rale yon ti gout viris la k ap fè w malad apres. Senptom flou kòmanse 1-4 jou (apeprè 2 jou) apre yon moun respire viris la.

Flou a pwopaje fasil sou moun. Viris la rete aktif pandan yon ti tan sou bagay ou manyen tankou manch pòt, telefòn ak jwèt. Apre ou manyen bagay sa yo, li posib pou w trapre viris la lè w manyen bouch ou, nen w oubyen zye w. Sepandan, lè ti gout mouye ki sou bagay yo chèch, viris la pa ka bay okenn enfeksyon. Adilt ki gen flou H1N1 an ka pwopaje li bay lòt moun depi yon jou anvan senptom yo kòmanse jis yon semèn apre. Timoun ka pwopaje flou a plizyè jou apre yo kòmanse malad.

Ki tretman ki gen pou flou H1N1 an ?

Gen medikaman disponib ke doktè a ka preskri pou tretman flou H1N1 an. Medikaman sa yo pi bon si w kòmanse pran yo depi lè senptom yo kòmanse. Doktè a ka detèminen si w bezwen resevwa tretman.

Moun ki soufri nenpòt flou dwe bwè anpil likid, repoze anpil, manje manje ki sen, lave men yo plizyè fwa lajounen epi se pou yo rete lakay pandan yo gen flou a pou yo pa bay lòt moun li. Gen medikaman pou soulaje doulè ki vann san preskripsyon pou ede moun ki soufri flou ka pi konfòtab. Timoun ak jèn ki gen flou pa janm sipoze pran aspirin, poutèt yo ka gen lè sa a yon maladi grav epi ra ki rele sendròm Reye.

Èske gen yon vaksen pou flou H1N1 ?

Wi. Yon vaksen ka ede kò w pwoteje tèt li kont yon maladi. Gen yon vaksen ki devlope e k ap disponib nan otòn 2009 la epi nan ivè 2010. Pifò moun ap bezwen pran de piki vaksen H1N1 an, nan yon peryòd entèval anviwon 3 semèn. Vaksen pou flou a **p ap** ba ou flou a ak okenn lòt maladi.

Ki moun ki pou pran vaksen flou H1N1 lan ?

CDC idantifye senk gwoup moun ki sipoze pran vaksen an lè l vin disponib : fi ki ansent, moun ki rete oubyen ki okipe tibebe ki poko gen laj 6 mwa (sètadi : paran, frè ak sè, epi moun k ap travay nan daycare) ; anplwaye sèvis swen medikal ak sèvis medikal ijan ; moun ki gen ant 6 mwa ak 24 an ; epi moun ki gen ant 25 ak 64 an ki gen pwoblèm medikal ki bay yo plis chans pou yo gen konplikasyon asosye ak flou a. *Note byen : Etid ki fèt kounye di chans pou moun ki gen plis pase 65 gen enfeksyon mwens pase risk pou moun ki pa gen tout laj sa a.*

Ki jan pou mwen konnen si m gen flou H1N1 ?

Si w gen okenn senptom flou, li ka flou sezon oubyen flou H1N1. Si w kwè ou gen yon flou, se pou w pa ale nan travay epi pa ale lekòl epi pa pran kontak ak lòt moun pou w pa pwotaje viris la. Si w kwè ou gen flou a epi w bezwen al kay doktè, se pou w rele yo pou w di yo ou kwè ou gen flou. Konsa kabinè doktè a ka pran prekozyon pou anpeche ou pwopaje flou a bay lòt moun. Doktè a ka rekòmande ou fè tès pou flou a.

Ki jan mwen ka pwoteje tèt mwen pou m pa malad ak flou H1N1 an ?

- Pran vaksen an depi l diponib, sitou si w gen yon maladi ki ka ba w plis konplikasyon medikal si w gen flou a.
- Lave men ou yo souvan ak savon epi ak dlo oubyen ak yon jèl men ki fèt ak alkòl.
- Touse oubyen estènye nan yon klinèks oubyen andedan koud ou si w pa gen yon klinèks. Jete klinèks la nan panye fatra epi lave men w. Toujou lave men w anvan w menyen zye w, nen w ak bouch ou.
- Sèvi ak yon pwodyi netayaj pou kay pou w netwaye tout sifas ki ka gen viris flou a sou yo, tankou manch pòt, telefòn, wobinèt ak jwèt.
- Pinga ou pran kontak twò pre ak moun ki malad. Moun ki gen timoun piti, pwoblèm ak sistèm iminitè febli oswa pwoblèm medikal kwonik pa fèt pou yo ale kote gen anpil moun, si l posib.
- **Rete lakay ou epi pa ale nan travay oubyen lekòl si w gen maladi ki tankou yon flou e se pou w pa pran kontak ak okenn lòt moun pou viris la pa pwopaje. Rete lakay ou jistan ou pa gen fyè pandan omwen 24 èdtan apre ke w fin pran dènye dòz medikaman pou bese fyè (tankou Tylenol, Advil oubyen Motrin).** Pou pifò moun sa vle di rete lakay pandan omwen kat jou.

Ki jan mwen ka okipe yon moun ki malad ak flou H1N1 an ?

Flou : Kisa w ka fè – okipe moun lakay se yon ti liv ki ekri nan nèf lang e k ap ba ou anpil enfòmasyon pou ede w swen yon moun lakay yo ki gen flou. Gen yon videyo tou nan lang anglè ak lang panyòl. Flou : W ap jwenn enfòmasyon Kisa w ka fè nan: www.mass.gov/dia

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon ?

- Rele doktè a, enfimyè a oubyen klinik lan oubyen konsèy sante a.
- Rele pwogram vaksinasyon nan Depatman sante piblik nan Massachusetts la nan : (617) 983-6800 oubyen gratis nan (888) 658-2850
- Sit entènèt Depatman sante piblik nan Massachusetts nan www.mass.gov/flu
- Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi (CDC) nan : www.cdc.gov/flu
- Mass 2-1-1 ofri piblik jeneral la enfòmasyon sou flou :
 - rele 211 oubyen 1-877-211-MASS (6277)

Pou enfòmasyon sou klinik ki trete flou, ale nan sit entènèt MassPRO pou jwenn klinik ki trete flou nan :
<http://flu.masspro.org/>

Mete ajou 3 septanm 2009